Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 6 (7455)
4 февраль
2021 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Гьоркьор лъуна кІвар бугел суалал



2 февралалда районалъул администрациялда тІобитІана росабазул бутІрулги гІахьаллъараб совещание. Гьеб бачана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас. Совещаниялда гьединго гІахьаллъана росабазул бетІрул, киналго отделазул нухмалъулел, районалъул энергосбыталъул нач. М. ГІабдурахІманов ва гІемерал цогидалги.

Рорхана гІемерал кІвар цІикІкІарал суалал. Данделъи байбихьана росабалъ мусоралда хурхун ругел гІунгутІабаздасан. ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев А. ГІабдулхаликъовас баян гьабуна, нилъер гьанир регионалиял операторал гьечІолъи, гьединлъидал мусор бакІариялъул суал тІубазе ккола нилъго лъикІал лъугьун. Гьединго гьес росабазул бутІрул ахІана госпрограммаялда рекъон бакІазда контейнерал лъолел бакІал хІадуризе. Жакъа къоялде гьединал площадкаби руго гІицІго кІиго бакІалда: Шамильхъалаялдаги Балахьуни росулъги. Борхана гьединго лъел суалги. АхІмад ГІабдулхаликъовасул рагІабазда рекъон районалда 26 иццахъ лъим къун буго. «Лъим гьечІо. Иццал ругеб бакІ санитариял нормабазда рекъон сверун къан гьечІо. Гьеб суал тІубазабизе ккола»,-ян бихьизабуна ЖКХялъул нухмалъулес.

Росабаз гІахьалъи гьабизе бегьулел пачалихъиял программабазулги проектазулги бицана администрациялъул бетІерав архитектор ХІ. ГІабдурахІмановас ва экономикияб отделалъул нач. М. ГІадуевас. Гьез баян гьабуна росабазул бутІрузул рес бугин, пачалихъиял программабазда рекъон росабалъ жанисел хІалтІаби гьаризе. Масала, къватІахъ канлъи чІезабизе, хабал сверун къазе, лъим чІезабизе ва гІемераб цогидабги гьабизе.

Совещаниялда хъатІана перепись гьабиялъул суалалдаги. Статуправлениялъул нухмалъулев С. СагІабдулаевас бицана 2020 соналда тІобитІизе кколеб букІараб перепись ,пандемиялда хурхун, бахъизе кканин гьаб соналде,-абун. Гьеб тІобитІизе буго цифровияб форматалда.

КІвар кьуна ток чІезабиялъул суалалдаги, бухІараб токалъул учеталъул цІиял приборал лъеялдеги. М. ГІабдурахІмановасул рагІабазда рекъон Россеталъулгун гьабураб гарачІвариялъул хІасилалда кІвана районалъул гІадамазул налъаби тІаса хъвагІазе. Амма хъвагІазе буго гІицІго тІад мекъи хъвараб къадар гІарцул. БухІараб токалъухъ гІарац кьезе ккола киназго. Нилъер районалъе гьеб гьедигІанго цІикІкІараб къадар кколаро.

## Кидадай букІина лъим?

Щибаб къоялъго нижехъе щола Шамильхъала поселокалдаги Рихьуни росулъги лъел суалазда хурхарал захІмалъабазул бицарал лъазабиял.

Нижеда бичІчІула къо гьоркьоб бахъун, 5-6 сагІаталъ лъим къатІизабиялъул бугеб санагІатбахъи. Гьединлъидал нижеда ракІалде ккана нужеда гьеб ахІвал-хІалалъул хІакъалъулъ бицине. Нужеда лъазе ккола нижеца, ЖКХялъул хІалтІухъабаз гьеб рахъалда гьабулеб бугеб хІалтІул.

Насосалъулаб станция хІалтІулеб буго проекталда бихьизабухъе 320 куб. м. лъел кьабуледухъ. Цо чанго моцІалъ цебе бухІана, Шамильхълаялдаги Рихьунибеги лъим кьабулел рукІарал лъабгоялда гьоркьоса резервалъулаб насос. ГьабсагІаталда хІалтІулеб буго гІицІго 2 насос. Гьез Рихьунибе лъим кьабулеб буго І30 куб. с., Шамильхъалаялде – І85 куб. с. БичІчІуледухъ абуни гьеб ккола цо чиясе хІисаб гьабун сордо-къоялъе І200 литр, нормаялда рекъон кьабизе кколаан 250 литр.

Лъим кьабулел трубаби басралъун рукІиналъ, гьелъул хІасилалда гІемераб лъим гІададе чвахулеб букІиналъ, гІадамаз законалде данде кколаредухъ пастІаби лъалъазе лъинал рачун рукІиналъ, цо-цо заманалда гьеб къваригІун гьечІониги гІададе биччан толеб букІиналъ лъел тІадецуй гІолеб гьечІо, гьелъ лъимги тІасиял этажазде бахунеб гьечІо. Гьеб гІиллаялъего гІоло букІана къо гьоркьоб биччан резервуарал цІезарулел. Гьедин гьабуни лъим бахуна тІасиял этажазде. Гьеб ккола рес къотІиялъ гьабулеб иш.

Насос бухІараб къоялдаса нахъего администрациялъ гьабулеб буго гьелда хурхун гІемераб, щибаб къойилаб хІалтІи. Нижеца заказ кьун буго насосал хисиялъе проектниябгун-сметаялъулаб документация хІадуриялъе. Гьелъие къваригІуна 488 азарго гъурущ, гьеб администрациялъ кьунги буго.

Насосазул хІалтІизе бихьизабураб заман ккола І0 сон. Гьел абуни хІалтІун руго ІІ соналъ. Нижеца чанго нухалъ хитІаб гьабуна РДялъул хІукуматалдехун ва республикаялъул бетІерасде. Гьединлъидал республикаялъул резервнияб фондалдаса нилъее биччалеб буго І5 млн. гъурущ. Щибаб насосалъул багьа буго 3,5 млн. гъурущ. Хисизе ккола лъабабго насос, гьел басралъун рукІиналда бан.

Районалъул администрациялъ балагьана, чанго соналъ цебе гьеб станция бараб фирма. Гьеб ккола Толяти шагьаралдаса фирма. Гьел нилъехъе рачІана ва лъай-хъвай гьабуна бугеб ахІвал-хІалалъулгун, хІалтІи цІи гьабизе хІадурулеб буго документация. Трубаби кьавуца хвезабун букІиналда бан хисизе кколеб буго тІубараб сетго. Гьеб хІалтІуде нижеца байбихьизе буго 202І соналда. Гьеб мурадалда нижеца жаниб лъун буго 2,5 млн. гъурущ. Проекталъул гІаммаб багьа ккола 55 млн. 705 азарго гъурущ.

Бицен гьабулел бакІазде лъим кьабизе ккани щибаб моцІалъго электроэнергиялъул харж гьабизе кколеб буго І млн. 200 азарго гъурущ. БакІ ккун букІаго абизе ккола, гІадамаз цІорораб лъим хІалтІизабуралъухъ кьолеб гІарац гІицІго І0-І5 процент гурони гьечІилан. Гьединлъидал электроэнергиялъухъ кьезе кколеб налъи бахунеб буго І40 млн. гъурущалде!

ХІурматиял Шамильхъалаялъулги Рихьундерилги жамагІат! Нужеда бичІчІизе ккола насосалги жанисел трубабиги хиси цо къоялъул хІалтІи гуреблъи. Сабру гьабе, нижеца кинабго гьабулеб буго нужее санагІалъиялъе.

## ХІалтІулаб сапаргун



Гьал къоязда хІалтІулаб сапаргун нилъехъе вачІун вукІана РДялъул Роспотребнадзоралъул управлениялъул нухмалъулев Н. Павлов. Гьевгун цадахъ вукІана Буйнакск шагьаралда бугеб Роспотребнадзоралъул отделалъул нухмалъулев ГІ. ГІисаевги. Программаялда рекъон совещание тІобитІана райадминистрациялда.

Тадбиралъулъ гІахьаллъана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадов, бетІерасул замал, отделазул начальникал, районалъул ЦРБялъул бетІерай врач ГІ. МухІамадова, районалда бугеб ОМВДялул начальник Э. МухІамадов, хІинкъи гьечІолъи цІуниялъул отделалъул вакилзаби ва СМИялъул хІалтІухъаби.

Данделъиялда гьоркьор лъезе росарал суалазул аслияб букІана гьабсагІаталда районалда эпидемияллда хурхун бугеб ахІвал-хІал, цІех-рех гьаби, сах гьари ва ТІолгороссиялдаго гІадин районалдаги коронавирусалде данде вакцинация гьаби.

Жиндирго кІалъаялда Роспотребнадзоралъул управлениялъул нухмалъулес данделъаразе баян гьабуна Россиялъул вакцинаялъул хІакъалъулъ. Н. Павловас бицана вакцинация бугин жидеего бокьун, І8 сон гІумроялъул бугеб гІадамазда гьабулеб жойилан.

Жиндирго иргаялда муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна гІадамазда гьоркьоб гьеб суалалда хурхун гьабулеб бичІчІи кьеялъул хІалтІи гьабулеб бугин ва жеги хІалуцун гьабизеги бугин. Гьелъул хІасилалда районалда вакцинация гьабизе бокьарал цІикІкІунел ругин. Совещаниялда кІалъазе яхъана районалъул ЦРБялъул бетІерай врач ГІ. МухІамадоваги. Гьелъ баян гьабуна районалда эпидемия тІибитІи дагьлъулеб бугин, бугониги цІодорлъиялъул хІалтІи чучлъизе толеб гьечІин.

Тадбиралда РДялъул Роспотребнадзоралъул управлениялъул нухмалъулесе кьуна гІемерал суалал ва гьезие чІванкъотІарал жавабалги щвана.

Сахлъи цIуниялъул министрасул ишал тIуралей Т. Беляева гIахьаллъана «Дагъистан» РГВКялъул «Подробности» программаялда. Гьениб гьелъ мухIканго бицана коронавирусалда хурхун республикаялда бугеб ахIвал-хIал.

Гьелъул рагIабазда рекъон коронавирусалда хурхун Дагъистаналда гIодобе биччай лъугьун буго. Амма захIматго унтаразул къадар дагьлъулеб гьечIо. Дагъистаналде бачIана 8 азарго доза вакцинациялъул. Гьаб моцIрол ахиралде жеги бачIине буго 94 азарго доза. Регионалда буго 54 привывкаби гьарулеб пункт, I0 къватIире рахъунеб бригада. Вакцинация гьабизе гIадамаз хъвазе бегьула Госуслуги порталалдасанги

ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон тIубаялде

# Гьиматов МухIамад – къимат тIокIаб цIум

(РакIалде щвей)



Дагьаб цебегIан I00 сон тIубана Гьиматов МухIамад гьавуралдаса. Гьесул юбилей кIодо гьабуна ЦIатIанихъ росулъ ва росдал гьоркьохъеб школалда гьаруна цо къадаралъул хIалтIаби. Школалда тIоритIана Гьиматовасул гIумроялъул нухалдасан дандчIваял, класстун къватIибехунисел хIалтIаби. МухIамадова СалихIатица ва Жамалудинова Асиятица тIобитIана Гьиматовасул гIумроялдасан ва цо-цо лъугьа-бахъиназдасан гIуцIараб тадбир. Гьениб Гьиматовасул роль хIана II классалъул цIалдохъан Жамалудинов Исламица. Лъималазе МухIамадил гIумроялдасан классалъул сагIат тIобитIана 3 классалъул руководитель Шамсудинова Ханзадалъ. I0 классалда дарс тун къватIисеб цIалиялда Казанбиева Асиятица цIалдохъабазе бицана Гьиматов МухIамадил берцинаб ва халкъалъ мисал босизе бегьулеб гIамал-хасияталъул, гIумроялъул нухалъул. Гьесул хIалтIул бажариялъул, махщалил, гIаданлъиялъул ва  гьунаралъул бицун лъималазда цебе кIалъай гьабуна школалъул директор МухIамадбегов Зубайрица.

Школалда лъималазда гьоркьоб тIоритIана МухIамадил гIумроялъул хIакъалъулъ тарих лъикIго лъалезул къецал. РикIкIана ва ахIана машгьурал поэтаз гьесде гьарурал кучIдул. РакIалде щвезабуна гьесул лъимерлъи.

Гьиматов МухIамад – къадру тIокIаб цIум, дур цIар бахъарабго ниж цIакъ чIухIула. Дагъистан цебе тIезе жинда бажарун ца хасаб бутIа лъурав инсан, умумузул ирсалъе ритIухъав, гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун чIолев. Дур гьунараз малъана нижеда битIун хьвадизе, битIун къимат кьезе, битIун гIумро гьабизе, гIадамазда гьоркьор хьвада-чIвадизе. Гьединго Гьиматов МухIамад бищун лъикIал гьудулзабаздасан цояв ккола чанго соналъ цIетIендерил колхозалъе жинца бажарун нухмалъи гьабурав Шарапудинил МуртазагIалил. Дагьал церегIан къоязда, ЦIияб ЦIатIанихъ, Шава  гьутабазул ракьалда, жинца гIумро гьабулев вугев гьев данчIвазе вачIун вукIана ЦIатIанихъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабигун. ГIиллаги букIана, жиндир манугьал чураяв Гьиматил МухIамад ракIалде щвезави, гьев машгьур гьави. Лъималазулгун букIараб дандчIваялда гьес ракIалде щвезаруна Гьиматовасул биценазда рекъон, живго МухIамад тIоцеве Верховный Советалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулев вукIарав гьалмагъ Даниялов ГIабдурахIманица жиндихъего ахIун, гьеб цIияб хIалтIиги тIад къан, КПССалъул Унсоколо райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIзе тIамиялдаса бахъараб цо чанго лъугьа-бахъин. ГIенеккарал цIакъ машгьурлъун рукIана, живго МуртазагIалие ракI къварилъун кIалъазе захIмалъулеб букIана. Гьиматовасулгун рукIарал хинал дандчIваял ракIалде щведал ва гьел лъималазе рицунелъул гьесда ракIалде кколеб бугин кколаан живго МухIамад вугин гьевгун дандчIвалев,- абун.

Гьиматил МухIамад вукIана гьитIиназе эмен, гIел бащадазе вац,-ян лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай.

I987 соналда ЦIатIанихъ Советалъул председательлъун тIоцее хIалтIизе тIамурай, гIумроялъул хIлбихьиги гIураб къадаралда щвечIей дун, хIалтIи сундасан байбихьилебали лъаларого йикIана. Мунагьал чураяв эмен Жамалудинов ГьитIинмухIамадица дун йитIана 35 соналъ районалъе нухмалъи гьабун, хадубги хIалхьиялда, рахIаталда, жиндирго чорхол сахлъиги цIунун гIодов чIезе кIвечIого, республикаялъул тIабигIат цIуниялъул комитеталда хIалтIулев М. Гьиматовасухъе гьесулгун гIакълу дандбазе. Гьеб къо жакъа гIадин ракIалда буго дида. Гьиматов кабинеталда гIодовги чIун цо сундулалиго  пикрабазда, вугоан. Диргун дандчIваялда гьес бицана жиндиего тIоцебесеб дарс кьурав, мунагьал чураяв, ЦIатIанихъа тIоцевесев учитель, рагьул гIахьалчи СутIахIов Алхасидасан жиндиего щвараб хIалбихьиялъул. КIочонареллъун хутIана дие гьел дарсал. Гьедин МухIамадилги букIана тIоцеве дандчIварасул ракIалдаса унаредухъ, дандиясул ракI разияб хIалалда гьев къабул гьавулеб хасият. МухIамадица бицунаан малъизе чи киданиги камуларин, малъараб босизеги чи къваригIунилан. Гьедин гьес кидаго мисал босулаан чIахIияздасан, учительзабаздасан. Къебелъи гьабизе захIмат букIунарин, захIмалъи бугин махщел бугев къебед-устар вати. МухIамад абуни вукIана къебелъиги жиндаго базе бажарулев ва гьениб устарлъиги жиндаго гьабизе кIолев инсан. МухIамадица малъана дида инсанасул ракI хIалкIун бакъвазе гьабизе бегьуларин, хъулухъ бугин тIаса унеб жо, хIакимлъи бугин хIулун тIагIунеб жо ,-абун. ХъулухъалаcчIухIи, гIамал кIодолъи гьесулъ букIинчIо, гьесие киналго цо рукIана: «вацалги яцалги».

**Асият ЖАМАЛУДИНОВА.**

# РакIалдаса унарей

(Гвангъараб гIамал-хасияталъул инсан)

**Щивав чиясул гIумроялъул цо-цо мурад букIуна. Дидаги ва дида цадахъ хIалтIулел рукIарал гьалмагъзабазеги мисаллъун йикIана I970-I980 соназда Дагъистаналъул кванил промышленносталъул министрлъун хIалтIулей йикIарай Алхасова Меседо.**



Дие кIудияб талихIлъун ккана берцинлъиялъул рахъалъ къанагIатай, киназулго ракI тIаде цIалей, ишалъулай ва гIакъилай чIужугIаданалда цадахъ хIалтIизе рес щвей. Гьелъие хасиятал рахъал рукIана сабру буголъи, чIухIи гьечIолъи, гIадатлъи, хIалтIизе лъай, гIадамазе лъикIлъи гьабизе бокьи, тIадегIанаб профессионализм, кинабго жоялда ва сундулъго цебесеб кьерда чIей. Гьелда бажарулаан жиндихъего къваригIелалъ вачIа-расухъ кIвар кьун ва сабруялда гIенеккизе. Гьей йокьулаан киназего: руччабазеги бихьиназеги. Къокъго абуни, гьей йикIана гьайбатай, лъицаниги хисуларей ва къанагIатаб гIамал-хасияталъул инсанлъун.

Мекъи букIинаро Алхасова Меседо ХIажиевна Дагъистаналда кванил промышленность цебетIезабурай ва гьелъие кьучI лъурай гIадан йикIанилан абуниги. Гьеб бутIа цебетIезабизе гьелъул рукIарал пландалги жигарчилъиги кIудияб букIана, гIемерисеб гьелъ хIисабалде босарабщинаб кинабго гIумроялдеги бахъинабун бажарана. Гьелъул хIаракатчилъиялдалъун МахIачхъалаялда бана булкабазулгун кондитерлъиялъул комбинат, Степной поселокалда чадил завод, шагьаралъул кванил комбинаталда цIиял цехал рана конфетал ва макаронал гьарулеб. Гъизляралда бана цIакъго лъикIаб овощазул консервал гьарулеб  цIияб кванил комбинат. Дербенталда рагьараб цIияб кванил комбинаталъ къватIире риччалаан кондитерлъиялъул батIи-батIиял тIагIамал. ЦIидасан къачIана республикаялдаго машгьураб МахIачхъалаялда букIараб пиво гьабулеб завод.

ГIатIид гьабуна кондитерлъиялъул ва чадилгун булкабазул изделиязул ассортимент. Дагъистаналда тIоцере къватIире ричазе лъугьана берцинал коробкабазда жанир лъурал конфеталги, шоколад тIаде биччарал зефиралги ва цогидалги гIемерал гьуинлъаби.

Гьелъ гIемераб хIалтIи гьабуна дармил предприятиязе тIадегIанаб махщалил хIалтIухъабиги нухмалъулелги хIадур гьариялъе.

Гьелъул кидаго рахIат хун букIунаан кванил промышленносталъул бутIабазда хIалтIулел ругезул жанир чIезе бакIалъул хIакъулъулъ суалалъ. Гьелда кIвана жанир чIезе бакIалъул хIакъалъулъ цере чIарал кIвар бугел масъалаби тIуразаризе. Биччана гIадамал жанир чIезе рукъзал разе гIарцул сурсатал ва редукторнияб поселокалда бана кIудияб гIадамал жанир чIолел мина. Коллективалъул собраниялда рохалилаб ахIвал-хIалалда кьуна хIалтIухъабазе рукъзабазул кIулал.

Щибаб соналъго нижеца данде росулаан араб соналда хIалтIулъ ккарал хIасилал. Кидаго гьеб тадбир рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIулаан кванил промышленносталъул министерствалъул актовияб залалда. Бергьаразе кьолаан байрахъал, грамотаби, гIарцулал сайгъатал, гьеб кинабго кIудияб праздникалде сверулаан кванил нигIматал гьарулелги кIодо гьарун. Гьединал тадбираз нижее кIудияб асар гьабулаан хадубккунги жигаралда ва кIвахI гьечIого хIалтIизе.

Гьедин халкъалъеги, обществалъеги пайдаяб куцалда хIалтIана нижеца кинацаго кIодо гьаюлей ва киназего хирияй Меседо ХIажиевна Алхасова. Рокъой гьей йикIана цIакъго лъик1ай хозяйкалъун, гьайбатай эбеллъун, хIеренай кIодоэбеллъун. Гьей йикIана ГIашилтIаса.

Меседо ХIажиевна нилъедаса ятIалъана битIухъего махщел цIубалеб заманалда. Гьей нижер ракIазда киданиги кIочон теларо.

**Сиюм-Беке АТАЕВА.**
**Дагъистаналъул кванил промышленносталъул профсоюзалъул обкомалъул йикIарай председатель.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 6 (7455)
Хамиз
4 февраль 2021 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере




# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
# Администрация МО «село Ирганай»
# Унцукульского района

Инд.368942 село Ирганай Унцукульского района РД тел. 89640507064 e-mail: abdulaev_gasan 1960@mail.ru

## РАСПОРЯЖЕНИЕ

«_28_»___01____2021г №_02_____

Руководствуясь правилами проведения конкурса или аукционов на право заключения договоров аренды, договоров безвозмездного пользования, договоров доверительного управления имуществом, иных договоров, предусматривающих переход прав в отношении государственного или муниципального имущества, утвержденными приказом Федеральной антимонопольной службы Российской Федерации от 10.02.2010 г. №67.

1. Провести открытый аукцион на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 734857 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:393, и 30379 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:392.

2.Утвердить:

1) извещение о проведении аукциона на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 734857 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:393, и 30379 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:392.

2) документацию об аукционе на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 734857 кв.м. и 30379кв.м. ( приложение №2).

3) Заместителю главы МО «село Ирганай» Джамалудинову Узаиру Халидовичу ответственного за осуществлением муниципального земельного контроля на всей территории МО « село Ирганай» организовать размещение извещения о проведении аукциона и документации об аукционе на сайтах http://www.uncukul.ru/; и на районной газете «САДАВОД» и на официальном сайте-torgi.gov.ru

4) Контроль над выполнением данного распоряжения оставляю за собой.

**Абдулаев Г. М.**
**Глава администрации**
**МО « село Ирганай»**

# Извещение о предоставлении земельного участка в аренду.

В соответствии со статьей 39.18 земельного кодекса Российской Федерации, Администрация МО «село Ирганай» в лице зам. главы Джамалудинова У. Х. сообщает о возможности представления в аренду земельного участка для ведения крестьянского (фермерского) хозяйства.

Граждане, заинтересованные в представлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления договора аренды земельного участка.

Заявления можно подавать с 01.02.2021 по 02.03.2021 года (включительно) в Администрацию МО «село Ирганай» по адресу РД. Унцукульский район. с.Ирганай.

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору лично или посредством почтой связи на бумажном носителе, либо в форме электронных документов с использованием информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».

Описание земельного участка: 1.участок; площадью 734857 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:393, и , категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан , Унцукульский район, с.Ирганай. 2 участок; площадью 30379 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:392.

Категория земель – земли сельскохозяйственного назначения, местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай.

Арендная стоимость установленный ООО «Институтом профессиональной оценки» - 1) земельный участок площадью 734857 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:393 – 69935 р в год.

2) земельный участок площадью 30379 кв.м. с кадастровым номером 05:35:000023:392 – 2891р. в год.

Справки по телефону; 89634083506.

**Абдулаев Г. М .**
**Глава администрации**
**МО « село Ирганай»**

# Миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району доводит до Вашего сведения следующую информацию



Уважаемые родители!!!

Паспорт обязаны иметь все граждане Российской Федерации, достигшие 14-летнего возраста и проживающие на территории Российской Федерации. Документы и личные фотографии для получения или замены паспорта должны быть сданы гражданином не позднее 30 дней после наступления обстоятельств (дос-тижение возраста).

Ответственность за несвоевременное оформление паспорта гражданина Российской Федерации, достигшего 14 лет, несут его родители (законные представители). Родители (законные представители), в случае несвоевременного обращения в уполномоченные органы за получением паспорта по достижении 14 лет детям, несут административную ответственность по части 1 статьи 19.15 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях - «Проживание по месту пребывания или по месту жительства в жилом помещении гражданина РФ без паспорта или по недействительному документу». Наказание по указанной статье предусмотрено в виде административного штрафа от 2000 до 3000 рублей.

Так же родителей, не подавших заявление на получение паспорта во время, могут привлечь к административной ответственности по части 1 статьи 5.35 КоАП РФ-неисполнение родителями или иными законными представителями обязанностей по содержанию и воспитанию несовершеннолетних. За указанное нарушение КоАП РФ предусмотрено административное наказание.

Заявитель, которому не исполнилось шестнадцати лет, не может быть подвержен административным взысканиям, штраф оплачивают родители.

Дети, достигшие шестнадцати летнего возраста, несут ответственность самостоятельно и платят штраф за несвоевременное обращение за получением документа, определяющего личность.

В связи выше изложенным просим Вас, своевременно подать документы для получения паспорта гражданина РФ впервые, тоесть в течение 30 дней после достижения 14 летнего возраста.

**Ш. ГАМЗАТОВ.**
**Начальник МП ОМВД России по Унцукульскому району**

# Минкомсвязь РД сообщает...

Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан сообщает, что на Едином портале государственных услуг (далее – ЕПГУ) реализован функционал записи на вакцинацию от COVID-19.

Дополнительно сообщаем, что перед прохождением вак-цинации от COVID-19 необходимо пройти осмотр у терапевта, далее следуя пошаговой инструк-ции (прилагается) записаться на вакцинацию.В случае возникновения воп-росов по вакцинации, можно обратиться в Единую региональную информационно-справочную службу «122».

# Утвердили план работы на 2021 год

Утвердили План работы Антитеррористической комиссии муниципального образования «Унцукульский район» на 2021 год.

Положительно оценена работа Антитеррористической комиссии в 2020 году. Анализ деятельности по линии противодействия терроризму в нашем районе характеризуется положительными тенденциями.

Тот комплекс мероприятий, который принимался органами местного самоуправления совместно с правоохранительными структурами, общественными и религиозными организациями, способствовал минимизации террористических угроз и стабилизации обстановки в Унцукульском районе.

План работы комиссии на 2020 год выполнен несмотря на ограничительные меры связанные с распространение коронавирусной инфекции.

**КIвар кьезе кколеб суал**

# КIочон теларин рахьдал мацI

Рахьдал (авар) мацI ккола инсанасул рухIияб бечелъилъун. ГIасрабаз, гIелалъ гIелалъухъе кьола гIадатал, рухIияб бечелъи, жидерго хаслъи, искусствалъулгун литературияб бечелъи. Гьеб киналдаго гъорлъе раккун, гьеб лъан хадуб гIадан лъугьуна рухIияб рахъалъ бечедавлъун.

Киналго умумазе бокьула жидерго лъимер цебетIураблъун, тарбия щвараблъун, гIумрудул нухда битI ккараблъун вукIине. Рахьдал мацI ккола чорхолъ бугеб рухIияб берцинлъи бихьулеб, гьеб киналдего нуцIа рагьулеб кIуллъун. Рахьдал мацIалда кIалъана нилъгун нилъер цIар рагIарал бахIарзал-имамзаби ХIамзат, ГъазимухIамад, Шамиль, поэтал МахIмуд, Р. ХIамзатов ва рикIкIен гIемерал цогидалги нилъер халкъалъул цIар рагIарал вакилзаби. Амма гьаб ахираб заманалда нилъерго мацI дагьабго кIвар кьечIого толеб буго киназго. Нилъеда лъаларого, бичIчIуларого бугин ккола мацI кIочани, гьелдаго цадахъ дица тIадехун рехсараб бечелъиги кIочон толеблъи, нилъ кьалбал гьечIеб гъветI гIадин хутIулеблъи.

Гьелда хурхун бокьун буго цо чанго мисал рехсезе. Дагъистаналъулго мисалалда босани ахирсеб гIасруялда гIемерлъана батIи-батIиял миллатазда гьоркьор ригьнал гьаризе, гьеб цебе къанагIат гурони букIунароан нилъер росабалъ. ГIолохъанал рос-лъадиялъ лъимер гьабидал байбихьула гьебгун гIурус мацIалда гаргадизе. Лъимер гIола ва гьеб лъугьуна я инсул яги эбелалъул рахьдал мацI, жиндирго кьалбал лъаларевлъун. КIиабизе бугони цIикIкIунисел эбел-инсуца рикIкIунеб буго лъикI цIализе, гIумроялъул нухда цере туркIизе ккани рахьдал мацIалъ квал-квал гьабулеб бугилан. Гьаниб, дир хIисабалда лъикIаблъун букIинаан гьаб хадусеб: эбел-инсуда бичIчIизабизе ккола рахьдал мацIалъул магIна, гьелъул кIвар, куцазе



ккола гьелдехун рокьи.

Кинха гьеб масъала гIумроялде бахъинабилеб? Школазда мацI малъи захIматаб суал буго. ГIемерал саназ рахьдал мацалъул грамматика ва литература кьолел учительзабаз рикIкIунеб буго гьеб ишалда халкъияб педагогика хIалтIизаби.

ЦIар рагIарав тарбия чи В. Сухомлинскияс рикIкIунеб буго халкъияб педагогика бугин гьеб ишалда бищунго хIасил кьолеб къагIида абун. Щибха кколеб халкъияб педагогика? Гьеб ккола школазда, яги ясли-ахазда лъималазда мацI жидерго церегосел умумазул маргьабаздалъун, лъугьа-бахъиназдалъун, абияздалъул, бицанкIабаздалъун ва цогидалдалъунги бицин.

Гьеб киналъулго кумекалдалъун лъай-хъвай гьабизе ккола жакъасеб гIумроялъулгун. Гьелъ чара гьечIого кумек гьабизе буго дарсил материал щвалде щун лъаялъе, бечед гьабизе буго рагIабазул словарь, рагIаби цоцада рухьинари.

Халкъияб педагоги щулаго бухьараб буго этнографиягун. Гьединлъидал дарсазда ва дарсал тун къватIибехунисеб занятияздa лъималазул лъай хъвай гьабизе ккола бакIалъулаб музеялъулгун, гьенир ругел нилъер умумаз хIалтIизарулел рукIарал, нилъер гIумроялда щулаго рухьарал тIагIалабазулгун. Гьелдехун лъималазул, лъимал гурезулги, гьезул эбел-инсулги бижула кIудияб интерес. Экспонатаз нилъее кумек гьабула умумазул гIумро, гIумро гьабиялъул къагIидаби, гIадатал ва гьеб гуребги цебе чIезабизе.

Гьединго лъикIаб буго дарсазда фольклор хIалтIизабизеги. Масала, кучIдул, кьурдаби, дикломацияби. Гьеб киналъго кумек гьабула лъай кьеялъе гуребги, лъималазе умумазул рухIалда тарби щвеялъеги.

ЛъикIаб хIасил кьола лъимал нилъер гIадатазулъ гIахьал гьаруниги. Масала, кIал биччан кьоялъул, къурбан хъвеялъул,оц баялъул байрамазда гIахьал гьаруниги.

МацI кIочонгутIиялъе гьаризе лъикIал руго гьал хадусел тадбирал:

I. Умумазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе рахьдал мацIалъул кIваралъул бицун;

2. МацI лъазабулаго лъай хъвай гьабизе нилъерго тарихалъулгун, гьелъул бечелъи-ялъулгун.

3. Щулияб бухьен букIинабизе эбел-инсулгун, ясли-ахазулгун, школазулгун.

**ПатIиматзагьрат ГЪАЗИМУХIАМАДОВА**
**Генуб гьоркьохъеб школалъул рахьдал мацIалъул учительница**

# Мисалияв волонтер



Унсоколо росулъа Ибрагьим Расулов ккола «Единая Россия» партиялъул хIаракатав гIахьалчи.

25 январалда нилъер пачалихъалда кIодо гьабуна, гIолеб гIелалдехун кIвар буссинабизе ахIараб Россиялъул студентазул Къо. Нилъер районалдаса гIемерал студентал цIалулел руго республикаялъул ва Россиялъул батIи-батIиял ВУЗазда. Гьезда гьоркьор гIемерал руго гьабулеб ишалъул хIаракатчагIи, отличникал ва районалъул мустахIикъал вакилзабилъун.

Дагъал церегIан къоязда МахIачхъалаялда тIобитIана «Единая Россия» регионалияб партиялъул советалъул президиумалъул заседание. Гьеб рагьана ва бачана гьелъул секретарь, РДялъул Халкъияб Собраниялъул председатель Хизри ШихсагIидовас.

Волонтерлъиялъул хIаракатчилъялъе гIоло Х. ШихсагIидовас шапакъат кьуна нилъер ракьцояв, ДГУялъул юридическияб факультеталъул магистрант, Дагъистаналъул ВОО «Молодая Гвардия Единой России» гIуцIиялъул член Расул АхIмадович Ибрагьимовасе.

Расулица меседил медалалда лъугIизабун Унсоколо № I школа ва кидаго вукIана гьабулеб ишалъулъ жигарав гIахьалчилъун. Дуца щай юристасул махщел тIаса бищараб?,-абун кьураб суалалъе Расулица жаваб кьола: «Гьеб профессия дие хирияб букIана лъимерлъиялъул ригьалдаго, щайгурелъул юристасул бажарула сверухъ лъугьа-бахъунелда тIад асар гьабизе»,-абун.

-Юристлъун хIалтIулаго бажарула мекъи тамихIалде цIарасе кумек гьабун, масала, законалда данде кколаредухъ хIалтIудаса махIрум гьаруразе. Гьединго бажарула мал-мулкалъул, магIишатиял суалал битIараб нухде рачине,-ян абуна гьес.

Волонтерлъиялъул хIаракатчилъиялде дир рокьи бижана ВУЗалда цIализе лъугьун хадуб.

Университеталде гIемер рачIунаан батIи-батIиял партиязул, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби ва киназго ахIулаан волонтерлъиялъул ишалда гIахьаллъи гьабизе. ГIолиласул кIвар буссана «Молодая Гвардия Единой России» организациялде. Гьезул кьеразулъ Расулица балеб буго щуго сон.

Ибрагьимовас жигараб гIахьаллъи гьабула гьеб организациялъул хIалтIулъ: гIемер щола лъимал-бесдалазухъе, рагьул гIахьалчагIазухъе, тIоритIула тIабигIат цIуниялъул акциял, чIола гьутIби.

Гьаб ахираб заманалда пандемиялда хурхун гьез цIикIкIараб хIалтIи гьабуна медицинаялъул хIалтIухъабазе кумек хьабиялъе: хьвадула медицинаялъул учреждениязде кванил нигIматалги росун, рокъо-рокъоре щвезарула дараби, рикьана жалго цIуниялъул алатал.

Руго Л. Толстоясул магIна гьваридал рагIаби: «ЛъикIаб иш гьабизе ккани божизе ккола лъикIлъиялда»,-абун. Амма жакъа гIемерисел божулел гьечIо гIадамазул нахъ буссин гьечIого гьабулеб хIалимлъиялда. Дида ракIалде ккола гьелъие гIилла бугин гьез жидецаго гIадамазе лъикIлъи гьабунгутIи. Дие волонтерство буго сверухъ ругезе пайдаяб иш гьабизе рес щвей»,-ян абуна Расулица.

Дие бокьун буго гIун бачIунеб гIелалдехун хитIаб гьабизе: «РукIа хIалималлъун, цоцадехун ва цIикIкIараб гIелалдехун гурхIел, адаб-хатир бугеллъун. Ругьунлъе цогидазул захIмалъабаздехун бичIчIи буголъигун ралагьизе, кIочонге нилъерго гIумро гIуцIулеллъун нилъго рукIин!».

| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 Подписано в печать - 1. 3. 21 г. 17.00 фактически -18. 00 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|